

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## कोभिड - १९ सँ सम्बन्धित सरकारद्वारा कएलगेल किछ नयाँ नियमसभ



१. नेपालके अन्तरराष्ट्रिय सिमानामे रहल नेपाल प्रवेश करवला सब प्रवेश बिन्दु २०७७ अगहन ३० गते मध्यरात्रीतक के लेल यात्रु आवागमन स्थगित हेतै ।



२. प्रत्येक वडा कार्यालयके डेडिकेटेड टिम गठन कलक घरमे एकान्तवासमे रहल आदमीसभके स्वास्थ्य परामर्श, स्वास्थ्य अवस्थाके निगरानी तथा ईलाज केनाई, मापदण्डके पालना भेल/नैभेल अनुगमन हेतै ।



३. स्वास्थ्य सुरक्षा मापदण्ड पालना कलक खेलकुद गतिविधी सञ्चालन करके अनुमती देल जेतै ।
*(अगिला ओलम्पिक खेलकुदमे सहभागिताके लेल खेलके प्रशिक्षण, फुटबल, क्रिकेट लगाएतके खेलसभके अन्तरराष्ट्रिय स्तरमे सहभागिता जनाब, मैत्रिपूर्ण खेलसभ आयोज ना कर, फुटबल डिभिजन खेल सञ्चालन तैयारी कर आ आरो खेलसभ* संचालन कर)




४. प्रदेशगत रुपमे जरुरत अनुसार अस्पतालसभमे अक्सिजन प्लान्टसभ स्थापना केनाई

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/cabinet-kartik-24-2077

## नेपाल अपडेट



धनगढी उप-महानगरपालिकामे च्याउ (गोबरछत्ता) के बीज किनवलाके भीड

चित्र: गंगा भण्डारी

### परिक्षण


पिसिआर परिक्षण: १६,३३,५५९

पोजेटिभ: २,१५,०२०

उपचाररत: २८,१०६

मृत्यु : १२७६

सन्चो भएका : १,८५,६३८




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



सरकारद्वारा बेरोजगारके रोजगार देबके बात बहुते आबिरहल छै । वास्तवमे मजदुरी मुदा कतेक देतै ?

बेरोजगार युवाके प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रम अन्तरगत रोजगारी दियाबला बेरोजगार व्यक्तिके संख्या प्रविष्टिके आधारमे ५६९ स्थानीय तहमे रु. ३ अर्ब सशर्त अनुदान पठाएलगेल छै । अई कार्यक्रम अन्तरगत १०० दिनके रोजगारीमे सहभागी होबवला आदमी नेपाल सरकारद्वारा तोकलगेल दैनिक न्युनतम पारिश्रमिक दर रु. ५१७ अनुसार मजदुरी पाओत ।

स्रोत: https://moless.gov.np/?p=3704 https://cutt.ly/Ng4YOQc



सरकार विद्यालय खोल कहिक निर्देशन देलक कहादन । कि आब सब विद्यालय खुलतै त ?

कोभिड - १९ के जोखिम नैभेल आ जोखिम कम होईत गेल स्थानीय तहमे उपयुक्त विकल्प छाईनक विद्यालयमे पठ्नपाठन संचालन कर कराब पाओत कहलगेल छै । ओहीके लेल विद्यालय सञ्चालन सम्बन्धि कार्यढाँचा २०७७ सेहो सरकार स्वीकृत कने छै । तसर्थ, नेपाल सरकार नेपाल भैरके सब विद्यालय सञ्चालन कर नै कहने छै । अईके लेल सम्बन्धित स्थानीय तह भितरके संक्रमणके जोखिमके अवस्था देखक विद्यालय सञ्चालन या बन्द करके अधिकार सम्बन्धित स्थानीय तहमे निहित छै ।

स्रोत: https://moe.gov.np/assets/uploads/files/School_Reopening.PDF



छठके बाद काठमाण्डौमे कडा लकडाउन हेतै कहिक समाचार पत्रपत्रिकामे आबिरहल छै । कि सच्चे फेर बन्दाबन्दी हेतै ?

अखन उपत्यकामे संक्रमणके रफतार बढलाके कारण एकरा नियन्त्रण कर बन्दाबन्दीके प्रस्ताव काठमाण्डौ उपत्यकाके पालिकासभके प्रमुखके मञ्च सँ आगु आएल छै । तै बैठकमे तीन जिलाके प्रमुख जिला अधिकारी, सुरक्षा निकाय आ उद्योग वाणिज्य संघके सहभागिता रहल छलै । लेकिन, बन्दाबन्दी करके विषयमे तेकर कोनो भी आधिकारीक निर्णय नै भेल छै ।

स्रोत: जनकराज दाहाल, प्रमुख जिल्ला अधिकारी, काठमाण्डौं



फेर सरकार विदेशसँ फिर्ता आएल आदमीके विवरण संकलन कलरहल छै कहादन । हमेसा विवरण मात्रे संकलन करतै कि काम सेहो देतै ?

सरकार रोजगारीके संभाव्यता अध्ययन करके प्रयोजनके लेल कोभिड - १९ के कारणसँ भारत लगाएत आरो देशसभसँ रोजगारी गुमौने आ अध्ययन कलक फिर्ता आएल शिक्षित तथा दक्ष बेरोजगार आ १८ सँ ५९ वर्ष उमेर समुहके बेरोजगार नागरिकके तथ्यांक संकलन कर लागल छै । अईके लेल सब स्थानीय तहके १५ दिन भितर विवरण पठाब सब स्थानीय तहके परिपत्र कएलगेल छै ।

स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2185

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ १११५ मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार


| | नेपाली | संक्रमित | नेपाली संक्रमित | मृत्यु भएका नेपाली |
|---|---|---|---|---|
| साउदी अरब | ३,३४,४५१ नेपाली | ३,५४,२०८ संक्रमित | ५,१५० नेपाली संक्रमित | ८३ मृत्यु भएका नेपाली |
| कुवेत | ७१,१९३ नेपाली | १,३८,३३७ संक्रमित | २,१०० नेपाली संक्रमित | १२ मृत्यु भएक नेपाली |
| बहराईन | २६,००० नेपाली | ८५,१८२ संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | ३ मृत्यु भएका नेपाली |
| कतार | ४,०६,९१७ नेपाली | १,३६,४४१ संक्रमित | २६,५०० नेपाली संक्रमित | १८ मृत्यु भएका नेपाली |
| युएई | २,२४,९०५ नेपाली | १,५४,१०१ संक्रमित | ३,३५० नेपाली संक्रमित | ६९ मृत्यु भएका नेपाली |
| ओमान | १७,०५७ नेपाली | १,२१,१२९ संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | १ मृत्यु भएका नेपाली |
| मलेसिया | ५००,००० नेपाली | ५०,३९० संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | |
| दक्षिण कोरिया | ३८,८६२ नेपाली | २९,६५४ संक्रमित | २७ नेपाली संक्रमित | |

गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली

गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## कतारमे मानव अधिकार उल्लंघन सम्बन्धी उजुरी कर परल त कि करब ?

### यूएई

१ मार्च, २०२० सँ पहिले भिषा खतमभेलसबके देलगेल आम माफी नोभेम्बर १७ तारिख तक दलक सयम फेर बढाक ३१ डिसेम्बर, २०२० तक बनाएल गेलछै ।

### कतार

मानव अधिकार उलंघन सम्बन्धि कोनो भी घटनाके जानकारी देब पड्लापर या उजुरी या शिकायत भेलापर निचा देलगेल ठेगान( ापर, निचाके कागजातसभ सहित सम्पर्क कर सकै छी ।

**सम्पर्क ईमेल ठेगाना:**

c@nhrc.org.qa

nepalcommunity.nhrc@gmail.com

**आवश्यक कागजपत्र:**

(१) उजुरीकर्ताके निवेदन, परिचयपत्रके प्रतिलिपी, सम्पर्क नम्बर

(२) जेकरा विरुद्ध उजुरी करबै, ओकर सम्पर्क नम्बर या परिचय खुलवला या कोनो पहिचान खुलवला कागजात

(३) आरो प्रमाणसभ

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय **(8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** मे हमरासभके प्रत्य  देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००


क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च



# वैदेशिक रोजगारीमे मासिक ८० हजार कमायवला युवाके अखन परिवारके दैनिकी चलाब कठिनाई

बुटवलके रबिन श्रेष्ठ बिगत ८ महिनासँ घरेमे बैसल अछि । चैत्र ५ गते ऊ नेपाल फिर्ता आएल छलाह । विगत १८ वर्षसँ वैदेशिक रोजगारीके क्रममे विभिन्न देशसभमे काम केने रबिन पिछला दिनमे संयुक्त अरव इमिरेट्सके दुबईमे कार्यरत छलाह । ओतके एकटा स्टार होटलमे कार्यरत रबिन खर्च कटाक मासिक ८० हजार जते बचाबैत छल । सन् २००२ मे मलेसियासँ वैदेशिक रोजगारीके अनुभव लेब शुरु केने रबिन कतार सँ इरान तक पुगलाह । पहिल बेर मलेसिया गेलापर हुनकर तलब ४ सय रिङगेट छलै । २०४० सालमे जन्मल रबिनके पढाई ओते बढिया नै भेलापर पढाई छोड़ैत पैसा कमाक परिवारमे खुशी आनके मनसाय सँ मलेसिया पुगल छलाह ।

रबिनके परिवारमे बाबु माँ, २ कोई भाई, एक बहिन आ धर्मपत्नी छथि । कमाएल पैसासभ घर खर्चेमे खतम भगेल । अखन बेरोजगार भलक रहलापर हुनका व्यक्तिगत खर्च चलाब सेहो कठिनाई भेल छै । २ महिनाके छुट्टिमे आएल रबिनके काम करवला कम्पनी अखनतक नै बजेने छै । कहिया बजाएत आ जाएब कहिक प्रतिक्षा करैत एते दिन वितलाके बादो कम्पनीसँ कोनो खबर नै एलापर ऊ निराश होईत गेल छैथ । आरो वर्ष पाबैनतिहार आ नयाँ वर्ष लगाएतके उत्सवमे हुनकर अतिरिक्त कमाई सेहो होईत छल । अई वर्ष सब गुमी गेल । घरवाली चुरी किनके लेल पैसा मागंलापर समेत देवके लेल नै अछि कहैतकाल हुनका सबसँ बेसी पीडा होईछै ।


कम्पनीके बजेलाके बावजुदो कोरोना संक्रमण शुरु होब सँ पहिले जेहन कमाई हेतै तै मे रबिनके शंका छै । ऊ कामकरवला जगह होटल छै । कोरोना सँ होटल ब्यवसाय संकटमे छै । ऊ १८ वर्ष विदेशमे पसिना बहेला । कोरोनाके कारण सँ ८ महिना बेरोजगार बनेलक त हुनकर आर्थिक अवस्था सब बिगाईर गेल । वैदेशिक रोजगारीके भरमे मात्रे परिवारके सुखदुख दाउमे रखने ऊ एक प्रतिनिधी पात्र मात्रे छैथ । देशमे पसिना बहाक पैसा एतै कमाए सकैछी कहि क रबिन जेहन युवाके के बुझाएत ? के विकल्प देत ? कि सरकार युवा रोजगारीके नाममे हरेक वर्ष करवला खर्च रबिन जेहन युवाके लेल नै छै ? कि सब बेरोजगार युवाके रु ५१७ के दैनिक मजदुरीवला काम मात्रे कर परतै ?



सही सूचना

# नेपालके पहाडी जिलामे सकृय संक्रमितके संख्या बढ़ैत

## कोभिड - १९ के ५०० सँ बेसी सकृय संक्रमित भेल जिलासभ




उपरके तालिकामे कोभिड - १९ के ५०० सँ बेसी सकृय संक्रमित भेल जिलासभके देखाएल गेल छै । ई ११ टा जिलामे सकृय संक्रमितके संख्या जम्मा संख्याके करिब ८० प्रतिशत रहल छै । कुल संख्याके ४३ प्रतिशत सकृय संक्रमित त काठमाण्डौ जिलामे मात्रे रहल छै । सीमानाका बन्द भेलाके कारण अपनासभ किछ सुरक्षित रहितो समुदाय स्तरमे संक्रमण फैल गेलासँ संक्रमणके रफ्तार अखनो बढिरहल छै । काठमाण्डौ उपत्यका आ विशेष कलक काठमाण्डौ जिला संक्रमणके केन्द्रबिन्दुके रुपमे आगु आएल छै । एना देखलापर संक्रमणके रफ्तार अखन तराईके किछ जिलाके छोडी देबै त पहाडी जिलासभमे बेसी देखाएल छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219